



Naskah Khutbah Jum'at LD PWNU Jawa Tengah,
(Versi Bahasa Jawa)

Edisi Jum'at Pon, 18 Oktober 2024 M
15 Rabi'ul Tsani 1446 H

NGUKUHAKEN PASEDULURAN INGDALEM PERBEDAAN

Dening : KH. Muhammad Nurul Haq, Lc, M.Pd.I

(Bidang Tabligh dan Pengembangan Masyarakat LD-PWNU Jawa Tengah)

Khutbah Sepisan

أَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِالْإِعْتِصَامِ بِحَبْلِ اللَّهِ الْمَتِينِ. وَأَرْشَدَنَا إِلَى الْحَقِّ وَالصَّوَابِ بِكِتَابِ مُبِينٍ. وَنَهَانَا عَنِ التَّفَرُّقِ
وَالْتَخَاصُمِ وَمُخَالَفَةِ الدِّينِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَهُوَ الْخَلَّاقُ الْعَلِيمُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا
عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الْكَرِيمَ. الَّذِي شَهِدَ لَهُ رَبُّهُ بِقَوْلِهِ: {وَإِنَّكَ لَعَلَى خُلُقٍ عَظِيمٍ}. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ
النَّبِيِّ الْكَرِيمِ. وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ سَارُوا عَلَى النَّهْجِ الْقَوِيمِ وَالصِّرَاطِ الْمُسْتَقِيمِ. وَمَنْ تَبِعَهُمْ يَأْخُذْ بِحَبْلِ اللَّهِ
الَّذِي لَا يَنْقُضُ. يَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ
حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Ma'asyiral Muslimin sidang Jum'at Rahimakumullah, Ittaqullah..!

Sedaya puji kagem Allah SWT ingkang sampun maringaken dateng kita pinten-pinten macem kenikmatan, mila kita saged nderekaken perintahipun nderek menunaikan kewajiban shalat jum'ah wonten masjid ingkang mulya punika. Punika nikmat ingkang kedah kita agem saklebetipun ngayahi salah setunggal syariat ingkang sampun dipun tetepaken dening Allah Ta'ala.

Shalawat kaliyan salam, mangga tansah kita aturaken dateng ngero dalem Baginda Nabi Muhammad SAW, ugi dhateng para kluwarginipun, sahabatipun, lan mugi-mugi lumeber dhateng kita sami minangka umatipun. Aamiin yaa rabbal 'alamin..

Ingdalem khutbah jum'ah ingkang kebak berkah punika, alfaqir berwasiat dhateng diri kula piyambak lan jama'ah jum'at sedoyonipun kagem tansah nningkataken kualitas keimanan lan ketakwaan kita dhumateng Allah SWT kaliyan tansah nindakaken perintah-perintah-ipun lan nebihi larangan-larangan-ipun, ugi tansah cepengan teguh saha nderek pesen-pesen Al-Qur'an lan sunnah-sunnah Nabinipun. Amargi namung kaliyan keimanan lan ketakwaan-lah kita badhe angsal kebahagiaan ingdalem donya ngantos akhirat, lan takwa punika sak sae-saenipun sangu tiyang ingkang beriman.

Ma'asyiral Muslimin sidang Jum'at Rahimakumullah, Ittaqullah!

Sampun dados sunnatullah menawi manungsa dipun sebat zoon politicon artosipun manungsa dados makhluk sosial ingkang tansah gesang sareng lan sami-sami mbetahaken antawis setunggal kaliyan sanesipun. Saben individu manungsa mesthi badhe tansah mbetahaken tiyang sanes saklebeting



nyekapi hajat gesangipun sak alit punapa kemawon hajat gesang manungsa, tansah mawon wonten andil asta tiyang sanes ingdalemipun. Punika hikmah saking Allah SWT saklebetipun maringaken bakat lan kemampuan ingkang mboten sami antawis saben diri menunga. Wonten ingkang dados petani, pedagang, politisi, agamawan, budayawan, olahragawan, seniman lan sanes-sanesipun. Sedaya punika Allah damel demi keberlangsungan gesang umat manungsa, lan kagem 'ibrah wucalan kagem sedaya supados angsal lambah ingkang paling sae ingdalem keta'atan lan kesaenan.

Bab punika dipun tegasaken dening Allah ingdalem Al Qur'an Al-Maidah ayat 48

وَأَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً وَلَكِنْ لِيَبْلُوَكُمْ فِي مَا آتَاكُمْ . فَاسْتَبِقُوا الْخَيْرَاتِ . إِلَى اللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ

Artosipun : “Sekirane Allah kerso, niscaya sliramu digaw dadi siji umat (mawon), nanging Allah arep nguji sliramu kabeh kelawan peparang-ipun maring sliramu, mila berlomba-lombalah kanti lambah kesaenan. Namung dhateng Allah-lah sliramu kabeh bali, lan di paringi pangertian karo sliramu apa sing wis sliramu selisihake.”

Nanging mekaten , harmonisme sosial ingkang saklebeting tataran teori betahaken sanget ingdalem njagi keberlangsungan gesang umat manungsa, kadhang-kadhang kirang dipun fahami lan dipun praktekaken ingdalem gesang masyarakat kita, mila asring kedadosan kesenjangan sosial ingdalem tengah-tengah gesang masyarakat. Pramila mangga kita rumaosi kaidah dhasar kemanusiaan, menawi manungsa ing hakikatipun inggih punika sak kelompok ageng ingkang sami-sami sesambetan setunggal kaliyan ingkang sanes lan asalipun saking winih ingkang setunggal.

Bab punika dipun tegasaken ingdalem Al Qur'an surat An-nisa: 1

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً . وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا

Artosipun : “Wahai manungsa, takwaha dhateng Pengeran siro sing wis nitahake sliramu saking awak kang siji (adam) lan piyambakipun ndamel saking pasanganipun (hawa). Saking kaping pindone Allah ngembangbiakaken jaler lan estri kanti kathah. Takwaha maring Allah ingkang kelawan asmanipun sliramu pada nyuwun lan (rumatana) sesambungan kekeluargaan. Saktemene Allah tansah njaga lan ngawasi sliramu kabeh.”

Nanging mekaten , ing tataran realitasipun benten ingkang dipun damel Allah dados setunggaling anugrah agung kagem sami-sami njangkepi setunggal kaliyan ingkang sanesipun, malah asring disalah mangertosi lan disalah gina'aken kagem dipun dadosaken pirantos/alat sami-sami saingan, menang piyambak, ndhawahaken ingkang sanes lan unjuk kekiyatan ingkang mboten ing porsinipun. Keranten punika mangga kita perkokoh persatuan lan pasedherekan ing antawis kita; Pasedherekan kemanusiaan (ukhuwah basyariyah), pasedherekan kebangsaan (ukhuwah wathoniyah) lan mliginipun pasedherekan inggil ingkang dipun wastani keimanan (ukhuwah islamiyah-imaniyah).



Bab punika sesuai seruan Rasulullah SAW ingdalem hadist shahihipun supados kita tansah bersatu-padu bahu-membahu ingdalem bab punapa kemawon.

الْمُؤْمِنُ لِلْمُؤْمِنِ كَالْبُنْيَانِ يَشُدُّ بَعْضُهُ بَعْضًا

Artosipun : “Tiyang beriman kaliyan tiyang beriman ingkang sanes kados setunggal bangunan ingkang sami-sami ngiyataken setunggal kaliyan ingkang sanesipun.” (H. R Bukhari-Muslim)

Ma'asyiral Muslimin sidang Jum'at Rahimakumullah, Ittaqullah

Mekaten lah wigatosipun njagi lan ngiyati persatuan lan pasedherekan wonten ing antawis umat manungsa mliginipun umat Islam ingkang dipun dhasaraken ingdalem nilai-nilai ukhuwah imanayah-islamiyah, basyariyah lan wathoniyah. Amargi ingdalem persatuan lan kebersamaan wonten keberkahan kados janji Rasulullah SAW ingdalem hadist shahih ingkang dipun riwayatkan dening Imam Tirmidzi :

يَدُ اللَّهِ مَعَ الْجَمَاعَةِ

“Pertolonganipun Allah punika ingatase kebersamaan”.

Nanging sa-wangsulipun, perpecahan lan perselisihan antar umat badhe ngrisak harmonisme gesang lan persatuan.

وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ تَفَرَّقُوا وَاخْتَلَفُوا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْبَيِّنَاتُ . وَأُولَئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ

Artosipun : “Lan sliramu ojo nyerupani wong-wong kang bercerai-berai lan berselisih sakwise tumeko keterangan kang cocok karo slirane kabeh. Slirane kabeh iku lah wong-wongkang entuk siksa kang abot”.

Mekaten lah khutbah jum'ah siyang dinten Jum'at punika, mugi-mugi piningan inspirasi kagem kita sami kagem ngrumaosi wigatosipun tansah njagi persatuan lan pasedherekan antar sesami ingdalem multi perbedaan ingkang sampun dados sunnatullah. Sak lajengipun kita mampu ngrumat kebersamaan antar umat ingdalem kesaenan lan ketaatan dhateng Allah SWT lan Rasulullah SAW kagem kemaslahatan sareng.

Pungkasanipun, mugi-mugi Allah tansah mbimbing kita ingdalem nglampahi gesang punika lan Allah SWT tansah maringaken taufiq, hidayah lan ma'unahipun dateng kita, mila ing akhir hayat kita dipun takdiraken ingdalem kawontenan husnul khotimah 'ala syahadati ahlu sunnah wal jama'ah. Aamien....

أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. وَاعْتَصِمُوا بِحَبْلِ اللَّهِ جَمِيعًا وَلَا تَفَرَّقُوا ۗ وَاذْكُرُوا نِعْمَتَ اللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ كُنْتُمْ أَعْدَاءً فَأَلَّفَ بَيْنَ قُلُوبِكُمْ فَأَصْبَحْتُمْ بِنِعْمَتِهِ إِخْوَانًا وَكُنْتُمْ عَلَى شَفَا حُفْرَةٍ مِنَ النَّارِ فَأَنْقَذَكُمْ مِنْهَا كَذَلِكَ يُبَيِّنُ



اللَّهُ لَكُمْ آيَةٌ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ. بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَتَفَعَّلِي وَإِيَّاكُمْ بِالآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. إِنَّهُ تَعَالَى جَوَادٌ
كَرِيمٌ. وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ

Khutbah Kapindo

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ. وَلَهُ الْحَمْدُ فِي الْأُولَى وَالْآخِرَةِ. وَهُوَ الْوَكِيُّ الْحَمِيدُ. الْمُبْدِيُّ الْمُعِيدُ.
ذُو الْعَرْشِ الْمَجِيدُ. وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْعَزِيزُ الْحَمِيدُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ
سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ أَفْضَلُ مَنْ دَعَا إِلَى الْإِسْلَامِ وَالتَّوْحِيدِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى
آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْوَعِيدِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ رَحِمَكُمُ اللَّهُ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَائِكَتِهِ الْمُسَبِّحَةِ بِقُدْسِهِ.

فَقَالَ عَزَّ مِنْ قَائِلٍ عَلَيْهِمُ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، حَبِيبِكَ خَيْرِ الْخَلْقِ صَاحِبِ
الْوَجْهِ الْكَرِيمِ. وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ. وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. وَارْحَمْنَا وَإِيَّاهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ.
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ. وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ. الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ
وَقَاضِي الْحَاجَاتِ. اللَّهُمَّ انصُرِ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ. وَأَهْلِكَ الْكُفْرَةَ وَالْمُشْرِكِينَ وَالظَّالِمِينَ. وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ
عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفَحْشَاءَ، وَالْمُنْكَرَ وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوفَ وَالْمُخْتَلِفَةَ وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحْنَ وَالْفِتْنَ. مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ
مِنْ بَلَدِنَا إِنْدُونَيْسِيَا خَاصَّةً. وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً. إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ. رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا
بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيمٌ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا
عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ. يُعْطِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ.
فَاذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاسْأَلُوهُ مِنْ فَضْلِهِ يُعْطِكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ.




LEMBAGA DAKWAH PENGURUS WILAYAH NAHDLATUL ULAMA
JAWA TENGAH

Jl. Dr. Cipto No. 180 Semarang - 50125
(024) 8416076
pwnu_jateng@yahoo.co.id

Ikuti terus media kami

Website : <https://ldnujateng.id/>

Youtube :  <https://www.youtube.com/@LDNUJawaTengah>

Facebook :  <https://www.facebook.com/PW.LDNU.JATENG>

Tiktok : <https://tiktok.com/@ldnujateng>

=====

Jangan Lupa Subscribe - Like - Follow dan Share !!!